



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 06/12/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 6.7 MILYON DOLA POU KREYE NOUVO PWOGRAM
EMPIRE CORPS (EMPIRE CORPS PROGRAM) AK AGRANDI INISYATIV
REDIKSYON POVRETE EMPIRE STATE LA
(EMPIRE STATE POVERTY REDUCTION INITIATIVE, ESPRI)**

Finansman pral Sipòte Sevis nan 16 Kominote Atravè Eta New York la yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse 6.7 milyon dola finansman sou yon peryòd twa zan pou kreye Empire Corps, ki se yon nouvo pwogram ki gen ladan l manm AmeriCorps ak manm AmeriCorps VISTA (Volunteers in Service to America), pou sèvi 16 kominote atravè Eta a. Nouvo pwogram lan fè pati Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State la, ki se yon inisyativ 25 milyon dola pou ede sipòte estrateji kominotè, pou redwi povrete ki pou ogmante opòtinite ekonomik pou tout Nouyòkè.

Gouvènè Cuomo te di: “Chak Nouyòkè merite gen yon opòtinite rezonab pou yo gen chans reyisi. Administrasyon an te chwazi kòm misyon pou l konbat povrete ak rasin koz li yo epi nouvo pwogram Empire Corps la pral mete resous ak mendèv nan premye liy nan lit sa a pou nou atenn yon New York ki pi solid, ki pi ekita, epi ki pi jis tout moun.”

Finansman pou Empire Corps la pral rasanble yon ekip ki gen 134 manm AmeriCorps ak 17 manm AmeriCorps VISTA pou akselere rediksyon povrete nan Bronx, Rochester, Syracuse, Binghamton, Oneonta, Buffalo, Utica, Elmira, Jamestown, Oswego, Troy, Hempstead, Newburgh, Niagara Falls, Watertown, ak Albany.

Manm AmeriCorps yo pral fè sansibilizasyon epi angaje kominote yo pou yo ka idantifye epi konekte rezidan k ap viv nan povrete yo ak pwogram ak sèvis ki gen rapò ak devlopman mendèv, lojman, edikasyon ak sante yo. Efò manm VISTA yo pral konplèman sèvis AmeriCorps ap fè yo, pandan y ap konsantre yo sou konstriksyon kapasite pou òganizasyon san bi likratif zòn yo epi ede yo aliyen sèvis yo nan yon fason estratejik pou satisfè bezwen chak kominote yo.

Sekretè Deta New York la ak Koprezidan ESPRI Rossana Rosado te di: “Depatman Eta New York la (New York Department of State, DOS) ap atann pou l travay ak tout patnè nou yo pou nou avanse objektif Gouvènè Cuomo a pou redwi povrete atravè Eta nou an. Antanke yon pati entegral ESPRI, kreyasyon Empire Corps la pral ede ankouraje ak rantabilize espri kominotè pami jèn Nouyòkè yo pou yo patisipe nan efò premye liy yo pou reponn a pwoblèm povrete, grangou ak sanzabri atravè New York.”

Investisman 6.7 milyon dola pandan peryòd twa zan sa a gen plis pase 1 milyon dola ki soti nan finansman piblik Eta a, ansanm ak finansman ki soti nan òganizasyon san bi likratif lokal yo. Investisman pral gen ladan l tou 1.7 milyon dola nan bous detid pou manm AmeriCorps ak manm AmeriCorps VISTA yo ki fin ranpli modalité sèvis yo.

Yon efò kolektif ant Depatman Eta New York la ak Komisyon Eta New York la sou Sèvis Nasyonal ak Kominotè (New York State Commission on National and Community Service, NYS CNCS) ansanm ak Kòporasyon pou Sèvis Nasyonal ak Kominotè (Corporation for National and Community Service, CNCS) pral jere pwogram Empire Corps la. Finansman mete ansanm sibvansyon AmeriCorps NYS CNCS jere yo ak finansman CNCS te akòde bay AmeriCorps VISTA yo.

Direktè Egzekitif Komisyon Eta New York pou Sèvis Nasyonal ak Kominotè a, Linda Cohen te di: “Komisyon an kontan anpil pou fè patenarya ak Depatman Eta a nan kad Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State la, epi n ap atann pou vanse anvè etablisman pwogram DOS Empire Corps AmeriCorps la. Efò pou soulaje povrete k ap fèt la yo te nan premye liy pwogramasyon Komisyon an pandan de zan ki sot pase la yo nan kad estrateji pou maksimize itilizasyon chak grenn dola ki disponib pou nou rann Nouyòkè yo viv pi byen, epi objektif ESPRI pran pou l konbat povrete yo prèske aliye pafètman ak objektif pa nou yo.”

Direktè Nasyonal AmeriCorps la, Bill Basl te di: “Anons jodi a ajoute sou angajman AmeriCorps te pran pou rezoud kèk nan pi gwo defi peyi ap fè fas yo epi asire kominote ki pi vilnerab nan peyi a yo jwenn swen apwopworiye. Nou fyè pou n fè patenarya ak Eta New York la pou ede konbat ak redwi povrete atravè tout eta a. Manm AmeriCorps sa yo reprezante pi meyè moun ki te ka genyen nan peyi a epi nou remèsye yo pou angajman yo pran pou sèvi moun New York yo.”

Direktè AmeriCorps Nasyonal VISTA Max Finberg te di: “Nou kontan anpil pou nou fè pati patenarya federal, eta ak lokal eksitan sa a pou benefisye rezidan ki pi vilnerab nan Empire State la yo. Antanke yon Nouyòkè natif natal, mwen fyè paske pwogram sèvis nasyonal sa yo pral ede reponn a pwoblèm povrete atravè eta kote m soti a epi li pral reyini ansanm Ameriken ki soti toupatou pou rezoud pwoblèm yo epi atenn objektif komen yo genyen yo tankou povrete.”

Gouvènè Cuomo te anonse Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State la nan diskou sou eta eta a [2016 State of the State](#) la pou konbat povrete nan 16 lokalite atravè New York. Chak zòn ESPRI yo pral sipòte yon Inite Operasyonèl sou Rediksyon Povrete (Poverty Reduction Task Forces) nouvo oswa eksitan, yo modele aprè inite operasyonèl Rochester a. Inite operasyonèl yo pral reyini ansanm reprezantan ki soti nan gouvènman onivo eta yo tankou onivo lokal yo, distri lekòl yo, distri sèvis sosyal yo, biznis nan kominote a yo, òganizasyon san bi likratif nan kominote a yo, ak rezidan kominote yo ki t ap viv nan povrete oswa k ap viv nan povrete kounye a,

Empire Corps pral opere nan lameri yo (City Halls) ak nan òganizasyon san bi likratif ki

founi sèvis enpòtan yo, tankou swen sante, edikasyon ak ankadreman, edikasyon fiansyè ak konpetans devlopman pou Nouyòkè defavorize yo. Patnè DOS yo gen ladan yo chak 16 lokalite yo, inite operasyonèl anndan lokalite yo, ak òganizasyon san bi likratif ki pral jere inite operasyonèl Empire Corps la yo.

Komisyon Eta New York sou Sèvis Kominotè ak Nasyonal la - Volontè Nouyòkè yo (New Yorkers Volunteer) ap chèche pou amelyore lavi, ranfòse kominote yo, ak favorize angajman sivik atravè sèvis ak volontarya y ap fè nan Eta New York. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite newyorkersvolunteer.ny.gov, renmen Volontè Nouyòkè yo sou [Facebook](https://www.facebook.com/NYersVolunteer), epi swiv yo nan [@NYersVolunteer](https://twitter.com/NYersVolunteer) on Twitter.

Kòporayson pou Sèvis Nasyonal ak Kominotè a, se yon ajans federal ki angaje anpil milyon Ameriken nan sèvis atravè finansman AmeriCorps, Senior Corps, Fon pou Inovasyon Sosyal la (Social Innovation Fund), ak Fon pou Jenerasyon Volontè a (Volunteer Generation Fund), epi ki antèt apèl nasyonal Prezidan fè pou inisyativ sèvis la ki rele, Nou Ini pou Nou Sèvi (United We Serve). Depi 1994, plis pase 79,000 manm AmeriCorps nan Eta New York te konplete plis pase 120 milyon èdtan sèvis epi yo te resevwa plis pase 283 milyon dola nan bous detid. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite NationalService.gov.

###

W ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418